



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ADOPSYON REZOLISYON ENSKRI EGALITE DWA YO NAN KONSTITISYON ETA NEW YORK LA

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a adopsyon yon rezolisyon pou enskri egalite dwa yo nan Konstitisyon Eta New York, k ap konsolide dwa pou aksè nan avòtman nan Eta New York. Lè li adopte, amandman an ap ajoute pwoteksyon pou gwoup etnik, orijin nasyonal, laj, enfimite, ak sèks, ki enkli oryantasyon seksyèl, idantite jan, ekspresyon jan, gwosès, rezilta gwosès, ak swen sante repwodiksyon ak otonomi nan pwoteksyon ki egziste yo ki kouvri aktyèlman diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon oswa prensip. Sa vini apre ke Gouvènè a te soti yon pwoklamasyon pi bonè jodi a pou ajoute rezolisyon sa nan ajennda sesyon ekstraòdinè a, nan kad desizyon resan Tribinal Siprèm lan ki te retire pwoteksyon federal yo pou avòtman.

"Nan sèlman yon semèn, Ameriken yo te deja kòmanse wè epi santi konsekans devastan lafen Roe v. Wade la. Nan kad desizyon orib Tribinal Siprèm lan pou depouye dwa repwodiksyon yo, Eta New York ap pran mezi san presedan pou kodifye dwa pou yon avòtman nan Konstitisyon Eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rekonesan a Lidè Majoritè a Stewart-Cousins ak Prezidan Heastie dèskè yo fè pwoteksyon enpòtan sa pouse pou pi devan, ki apiye pwoteksyon lidè nan peyi nou an pou pasyan ak founisè avòtman yo. Nan yon moman divizyon ki pwopaje, New York ap travay pou enskri nan Konstitisyon nou an ke kèlkeswa moun ou renmen an, kote ou soti, oswa jan ou chwazi pou ekspriye tèt ou, ou byenveni isit la epi n ap pwoteje ou."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Ranvèsman Roe v. Wade la rann li klè ke Eta New York dwe kontinye leve kanpe epi rete yon lidè nasyonal pou pwoteje dwa fanm ak dwa endividyèl yo. Se poutèt sa n ap kodifye nan fason aktif dwa egalite yo dapre lwa a epi asire dwa konstitisyonèl a avòtman ak kontrasepsyon nan New York. Sa se yon gwo pa pou eta nou an pandan lòt yo ap fè bak, epi se yon etap enpòtan kont atak Tribinal Siprèm lan sou dwa nou. Mwen vreman fyè de konferans nou an pou avansman chanjman istorik sa yo nan konstitisyon nou an epi mwen remèsye Prezidan Heastie ak Gouvènè Hochul pou patenarya yo pou fè sa reyalize."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Tribinal Siprèm lan te lese fanm yo tonbe epi li pa t rive pwoteje dwa Ameriken yo. Men New York p ap fè sa. Twa zan de sa, nou te kodifye pwoteksyon Roe v. Wade la an lwa, epi jodi a nou te kòmanse

pwosesis pou enskri pwoteksyon pou swen sante repwodiksyon pou fanm - ak dwa egalite pou tout Nouyòkè yo - nan konstitisyon eta nou an. Majorite Asanble a ansanm ak gouvènè a ak patnè nou yo nan Sena a p ap pèmèt yo retire dwa Nouyòkè yo. N ap kontinye goumen fè New York vanse pi devan, pa an aryè."

Senatè Liz Krueger te deklare, "Nouyòkè yo ap kontinye goumen kont efò Tribinal Siprèm lan pou ranvèse pwogrè sou dwa debaz yo. Mwen te fyè pou rejwenn Gouvènè a ak kòlèg lejislatif mwen yo pou avanse pou asire pwoteksyon ki pi solid pou avòtman ak lòt swen repwodiksyon lè nou enskri dwa sa yo nan Konstitisyon nou an. Anplis, ekspansyon gwoup ki kouvri nan pwovizyon sou dwa egalite yo nan Konstitisyon nou an ap bay New York pwoteksyon anti-diskriminasyon konstitisyonèl ki pi konplè pase nenpòt lòt eta nan peyi a."

Manm Asanble Rebecca Seawright, te deklare, "Lè nou te kòmanse konba istorik sa lè nou te entwodui amandman egalite a nan Konstitisyon New York la, nou te kanpe sou zepòl fanm sifraj yo ak lidè dwa sivik anpil jenerasyon ki pase. Ak sipò pèsistan Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie, kòlèg Asanble ak Sena a, ak divès defansè, nou pi pre ke jamè pou enskri yon dwa fanm pou chwazi ak pwoteksyon egalite kont diskriminasyon nan dokiman ki pi enpòtan ki gouvènè eta nou an. Limyè reyonan lidèchip Eta New York la ap briye nan jounen sonb Tribinal Siprèm Etazini an."

Aprè premye adopsyon memorab sa, rezolisyon an ap bezwen adopte ankò nan pwochen sesyon lejislatif la anvan li ale jwenn elektè yo pou apwobasyon final la.

Aksyon sa apiye lidèchip Eta New York nan pwoteksyon aksè nan avòtman. Sa genyen ladan l [yon Fon Sipò pou Founisè Avòtman 25 milyon dola ki se lidè nan peyi a](#), ke Depatman Sante (Department of Health, DoH) Eta a sipèvizè, pou devlope kapasite epi asire aksè pou pasyan k ap chèche swen avòtman nan New York, ansanm ak 10 milyon dola pou sant sante repwodiksyon yo gen aksè nan sibvansyon pou sekirite atravè Divizyon Sèvis Jistis Penal la pou ede asire sekirite founisè k ap bay swen vital sa.

[Gouvènè Hochul te siyen yon pake konplè, sis pwojè lwa](#) ke lejislati a te adopte pou prezève, pwoteje, ak ranfòse pi plis dwa avòtman pou pasyan ak founisè yo nan New York. Lejislasyon an pran mezi espesifik pou adrese yon varyete enkyetid legal, tankou etablisman yon kòz aksyon pou entèferans ilegal avèk dwa pwoteje ak enklizyon founisè avòtman ak pasyan yo nan Pwogram Konfidansyalite sou Adrès la. Nouvo pwojè lwa yo tou entèdi akizasyon move konduit kont pwofesyonèl swen sante yo paske yo bay sèvis repwodiksyon ak pasyan ki abite nan eta kote sèvis sa yo ilegal epi anpeche konpayi asirans neglijans medikal pran mezi negatif kont yon founisè avòtman ki bay swen legal.

Anplis, touswit aprè desizyon Tribinal Siprèm Etazini an pou ranvèse Roe v. Wade la, Gouvènè Hochul te lanse yon [kanpay](#) edikasyon piblik peye, solid, sou plizyè platfòm pou asire Nouyòkè yo—ak tout Ameriken yo—pou konnen ke nan Eta New York, avòtman rete toujou an sekirite, legal, epi aksesib. Kanpay nan tout eta a gen ladan efò

pou anonse sou plizyè platfòm ak yon [nouvo](#) sitwèb, ki bay yon sèl destinasyon pou enfòmasyon sou dwa pou fè avòtman, founisè yo, sipò ak opsyon peman nan New York.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418